

Pou Piblikasyon Imedya: 21/03/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO MANDE PRAN PREKOSYON POU GWO TANPÈT NÈJ K AP
DEPLASE VIN SOU NEW YORK**

***Zòn nan North Country yo Kapab Resevwa Plis pase Yon Pye Nèj Apati Samdi
Maten***

***Nèj ak Gwo Van Kapab Lakoz Kondisyon ki Riske pou Moun Ki Ap Kondwi yo
Pandan Vwayaj Vandredi yo***

***Yo te Soti Avi pou Inondasyon nan Zòn Kotyè yo pou Rejyon Sid Tou pre Vwa
Navigab yo ak Liy Kotyè ki Afekte pa Mare yo***

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te ankouraje moun New York yo nan Rejyon New York Santral, Mohawk Valley, Southern Tier, North Country ak Rejyon Kapital yo pou prepare yo pou gwo nèj ak gwo van potansyèl yo ke yo prevwa ap kòmanse byen bonè nan Vandredi epi k ap dire jiska Samdi maten. Yo prevwa ke nèj la kapab prensipalman afekte zòn lès ak sid Lak Ontario, ak jiska yon pye nèj oswa plis nan kèk zòn. Gwo van ak gwo nèj Vandredi swa kapab lakoz domaj k ap epapiye nan pye bwa yo ak blakawout ki izole, epi wout glise yo kapab lakoz pwoblèm pou chofè yo pandan trajè nan maten ak nan aswè yo nan Vandredi.

Nan sid eta a, gen risk pou gen ti inondasyon oswa inondasyon modere nan zòn kotyè yo ak gwo mare yo apati Jedi swa pou kèk pati nan Long Island Sound ak lòt rivyè ak vwa navigab ki jeneralman touche pa inondasyon yo akòz de mare yo.

“N ap byen kontwole de evènman metewolojik yo k ap kòmanse Jedi swa, youn ki kapab mennen yon pye nèj oswa plis nan nò a, ak yon lòt ki kapab lakoz inondasyon nan zòn kotyè sid yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou prepare pou nou kapab deplwaye resous ki nesèsè epi travay ak responsab ijans lokal yo pou asire ke kominote yo genyen resous yo bezwen pou kenbe moun New York yo an sekirite.”

Nan Jedi swa, yon depresyon kotyè pral ranfòse byen vit epi pral pwopaje vè nòdès atravè Eta a, sa ki pral patisipe nan fòmasyon presipitasyon ki jeneralize, k ap kòmanse ak yon melanj lapli ak nèj mouye anvan yo transfòme an nèj total Vandredi nan fen apremidi. Nèj la kapab kontinye jiska Vandredi nan sware a, ak kondisyon metewo yo pral vin gwo van ki kapab rive jiska 72 kilomèt pa èdtan pandan lè frèt ap rantre nan rejyon an. Yo te bay Avètisman pou Tanpèt Ivènal yo pou anpil zòn nan rejyon North Country, Mohawk Valley, New York Santral ak Southern Tier yo, ki kapab resevwa jiska 10 pous nèj nan kèk zòn jiska Samdi maten. Kèk pati nan North Country kapab fè fas a jiska 15 pous nèj oswa plis nèj.

Yon lòt sistèm depresyon k ap deplase vè nò nan zòn kotyè mitanatlantik la ta dwe pote yon ti lapli nan zòn rejyon sid yo, k ap mennen ti inondasyon ak inodasyon modere nan kèk zòn. Yo te emèt Avi pou Inondasyon Kotyè apati Jedi swa rive Vandredi byen bonè nan maten nan pati lwès Long Island Sound, Jamaica Bay, Great South Bay, ak lòt zòn rivyè ak koudo mare a afekte.

Moun New York yo ta dwe kontinye prete anpil atansyon a rapò sou kondisyon meteyo lokal yo pandan tout wikenn lan. Pou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt, avètisman, konsèy ak dènye previzyon metewo yo, vizite [sit entènèt](#) Sèvis Metewo Nasyonal la.

Preparasyon Ajans

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services)

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo pral kowòdone ansanm ak ajans eta yo ak gouvènman lokal yo pou asire ke resous k ap soti nan dis rezèv rejyonal Eta a yo disponib pou deplwaman pandan dire evènman tanpèt la. Anplwaye Sant Operasyon Ijans Eta a yo ak pèsonèl rejyonal yo prè pou yo reponn a nenpòt pwoblèm jan sa nesèsè.

Depatman Transpò (Department of Transportation)

Depatman Transpò a prè pou yo reponn avèk plis pase 3,900 operatè ak sipèvize yo genyen toupatou atavè eta a. Aktyèlman la, Depatman an genyen 1,582 gwo kamyon chasnèj, 189 chasnèj a izaj mwayen, 52 chasnèj ak remòk, 328 gwo chajè, ak 38 soufle. Kamyon rezèv yo ap konplètman angaje nan Mohawk Valley, New York Santral, North Country ak Southern Tier. Yo pral evalye bezwen itilizasyon kamyon derezèv yo nan rejyon ki mwens afekte yo pandan tout dire evènman tanpèt la, epi angaje yo jan sa nesèsè.

Anplis de sa, pou ede redui blokaj anbak glas yo, yo pral deplwaye 14 ekskavatis ki gen pèl long pou ede retire glas ki akimile nan zòn yo idantifye yo.

Yo ap raple otomobilis yo pou yo verifye [511NY](#) anvan yo vwayaje oswa pou yo telechaje [aplikasyon mobil la](#). Sèvis gratis la pèmèt itilizatè yo verifye kondisyon wout yo epi li gen yon sistèm alèt pou depasman pandan ivè a ki gen rapò an tan reyèl pou vwayajè ak yon kat avèk kòd koulè ki endike ki wout nan eta a ki lib, mouye oswa kouvri avèk lanèj. Sistèm nan ofri otomobilis yo yon resous itil pou detèmine si se yon bon lide pou deplase.

Resaman, Gouvènè a te anonse tou ke Depatman Transpò Eta a te lanse yon nouvo kanpay sansibilizasyon piblik pou pwomouvwa fason pou moun kondi avèk prekosyon nan kondisyon ivènal yo. Yon nouvo [sitwèb](#), videyo ak kanpay sou rezo sosyo yo pral ankouraje otomobilis yo kondi avèk prekosyon nan kondisyon nèt ak glas yo, epi l ap vrèman ankouraje chofè yo pou yo bay chasnèj yo ase espas pou yo ka fonksyone yo an tout sekirite.

Otorite Thruway (Thruway Authority)

Otorite Thruway a gen plis pase 668 sipèvize ak operatè ki prè pou deplwaye 242 gwo chas nèt, 125 chas nèt mwayen ak 11 charyo remòkè ak 57 chajè toupatou atravè eta a ak plis pase 112,000 tòn sèl pou wout yo ki disponib sou plas. Yo itilize Pano pou

Mesaj Varyab (Variable Message Signs), Anons Radyo sou Otowout la (Highway Advisory Radio) ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan pandan yo sou otowout Thruway yo.

Otorite Thruway ankouraje otomobilis yo telechaje aplikasyon mobil li yo, ki disponib pou download gratis sou aparèy iPhone ak Android. Aplikasyon an bay otomobilis yo enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou nan imèl TRANSalert, sa ki bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou otowout Thruway lan, gras a lyen sa a: www.thruway.ny.gov/tas/index.shtml. Pou tout dènye enfòmasyon yo an tan reyèl, otomobilis yo ka suiv nou sou Twitter nan @ThruwayTraffic oswa lè yo vizite www.thruway.ny.gov pou yo wè yon kat anime k ap montre kondisyon sikilasyon an sou otowout Thruway, ansanm avèk lòt wout Eta New York yo.

Li enpòtan pou chofè sou tout wout konnen chas-nèj woule nan vitès jiska 56 kilomèt pa èdtan - sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki endike a - pou yo ka asire sèl yo simen an rete nan vwa otomobil yo epi pa dispèse andeyò wout la. Kote ki pi pa gen danje pou chofè yo se dèye chas-nèj yo kote wout la klè ak sale.

Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service)

Depatman Sèvis Piblik an kontak ak chèf egzekitif sèvis piblik pou asire ke sèvis piblik yo pare pou move tan, epi li pral suiv ak atansyon efò k ap fèt pou prepare tanpèt pou asire ke sèvis piblik yo pare pou minimize enteripsyon e fè reparasyon rapid. Sèvis piblik elektrik ak gaz yo, ansanm ak founisè sèvis telekominikasyon yo, tankou Verizon, ap swiv devlopman tanpèt la de prè epi yo prè pou rele pèsonèl adisyonèl pou minimize entèripsyon sèvis yo, si sa ta rive.

Sèvis Piblik yo pare pou yo reponn 24 sou 24 lè gen entèripsyon sèvis piblik yo epi yo egzije yo pou yo mete yon plan repons ijans sou pye, lè sa nesesè, ki gen ladan voye mesaj apwopriye pou yo alète kliyan yo sou previzyon tanperati glasyal yo ansanm ak kontakte kliyan ki sou ekipman reanimasyon yo ak lòt kliyan ki nan eta frajil yo. Pèsonèl nan Depatman an pral kontiye sipèvize efò sèvis piblik yo pandan evènman tanpèt la.

Konpayi gaz ak elektrisite ka bay kliyan enfòmasyon sou siklòn ak sekirite ouben kliyan ka rele Sant Dapèl Depatman an pou jwenn enfòmasyon. Ou ka rele Liy Asistans PSC a nan 1-800-342-3377.

Lapolis Eta New York (New York State Police)

Lapolis Eta a prè pou yo deplwaye Ajan Patwouy adisyonèl jan sa nesesè nan zòn ki afekte yo. Tout veyikil Lapolis Eta a ki espesyalize yo tankou veyikil kat-pa-kat, motonèj, ak veyikil itilite yo (UTV) deja an pozisyon epi yo prè pou yo reponn imedyatman. Lapolis Eta a ap kowòdone aktivite yo tou ak ajans repons ijans eta a ak lokal yo.

Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation)

Ofisye Lapolis Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal yo, Gad Forè yo, anplwaye Jesyon Ijans yo, ak anplwaye rejyonal yo an eta dalèt epi yo ap siveye sityasyon ki ap devlope a epi yo aktivman ap fè patwouy nan zòn kote li pwobab pou tanpèt la afekte a

yo. Tout resous ki disponib yo, ki gen ladan motonèj yo, ak veyikil sèvis piblik yo, prè pou yo ede nan nenpòt repons ijans.

Vwayaje ansekirite

Men kèk nan konsèy ki pi enpòtan yo pou woule ansekirite:

- Lè tanpèt ivè yo rive, pa woule si li pa vrèman nesèsè.
- Pran prekosyon sou pon yo poutèt glas kapab fòme la pi vit pase sou wout yo.
- Fèy mouye yo sou wout yo kapab lakòz atè a glise, sa ki fè li enpòtan pou kondui pi dousman lè w ap pwoche kote ki kouvri ak fèy yo.
- Si ou dwe vwayaje, asire w ke otomobil ou gen materyèl pou siviv tankou lann, yon pèl, flash ak pil anplis, rad cho anplis, yon pè chèn pou kawotchou, kab boustè pou batri, manje ki bay enèji rapid ak rad ki gen koulè klere pou sèvi kòm drapo detrès.
- Si ou gen telefòn selilè oswa lòt aparèy kominikasyon tankou yon wòki tòki disponib pou w sèvi, kenbe batri a chaje epi kenbe l avè w tout lè w ap vwayaje. Si w ta vin bloke, wap kapab rele pou mande èd, enfòmè sekouris yo sou kote w ye.
- Prensipal kòz lanmò ak blesi pandan tanpèt ivè se aksidan transpò. Anvan w chita dèyè volan, pa bliye retire glas ak lanèj ki sou machin ou an; bon vizyon se sekre kondui byen. Planifye arè w yo epi kite plis distans ant machin yo. Pote plis atansyon epi sonje pil nèj yo ka maske timoun ki pi piti yo. Toujou koresponn vitès ou selon kondisyon wout la epi selon tan.
- Li enpòtan pou chofè machin yo sou tout wout konnen vitès chas-nèj yo se 56 kilomèt pa èdtan, sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki make a, pou yo ka garanti sèl yo simen an rete nan vwa sikilasyon yo epi pa dispèse andeyò wout yo. Anpilfwa sou otowout ant eta yo, chas-nèj yo opere kòtakòt, kòm se fason pi efikas epi ki ofri plis garanti pou netwaye plizyè vwa yon sèl kou.
- Chofè machin ak pyeton dwe sonje chofè chas-nèj yo ka wè devan yo sou yon distans limite, epi gwosè ak pwa chas-nèj yo ka fè l difisil pou manevre epi frennen touswit. Nèj chas-nèj la ap soufle dèyè li ka diminye vizibilite anpil oubyen kreye yon vwal blan. Chofè machin yo pa ta dwe eseye double chas-nèj yo, ni swiv yo twò pre. Kote ki gen plis sekirite pou chofè machin yo woule se lwen dèyè chas-nèj yo, kote wout la klè epi gen sèl sou li.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)